



# Twous pou Kòmanse Konvèsasyon an

Lè se kesyon swen nan dènye moman  
lavi a, li enpòtan pou pale.



the conversation project

KREYE PA THE CONVERSATION PROJECT AK INSTITUTE FOR HEALTHCARE IMPROVEMENT

**The Conversation Project** la pou ede moun pale sou kisa yo ta renmen kom swen lè yo nan dènye moman nan lavi yo.

Nou konnen pa gen okenn gid ni okenn grenn konvèsasyon ki ka anglobe tout desizyon yo oumenm ak fanmi ou ka fè fas. Sa yon konvèsasyon ka fè, li ka pote yon konpreansyon pataje sou sa ki pi enpòtan pou ou ak moun ou renmen yo. Sa ka fè

NON

DAT

**KOUMAN POU SÈVI AK TWOUS POU KOMANSE A**

Twous (Zouti) pou Kòmanse sa a pa reponn chak kesyon, men li pral ede ou mete lide w anplas, epi lè sa a pou fè konvèsasyon an ak moun ou renmen yo de sa ou vle pan dan dènye moman nan lavi ou.

Ou ka sèvi ak li le w ap prepare w pou di yon lòt moun sa ou vle, oswa ou vle ede yon lòt moun prepare li pou pataje volonte li yo.

Pran tan ou. Twous sa a pa vle di ou dwe ranpli li yon sèl kou. Li la pou ou ranpli amezi ou bezwen li, nan plizyè konvèsasyon.

**SA KI NAN DOKIMAN AN**

**Poukisa Pale Enpotan . . . . 2**

**Step 1: Planifye . . . . . 3**

**Step 2: PREPARE . . . . . 4**

**Step 3: Ale . . . . . 7**

**Step 4: Kontinye . . . . . 10**

# Poukisa Pale Enpotan

Pataje volonte ou sou swen nan dènye moman lavi a ka fè w vin pi pre moun ou renmen yo. Li reyelman enpòtan. Epi ou ka fè li. **Konsidere reyelite yo:**

**90%** moun di pale ak moun yo renmen yo sou swen nan dènye moman lavi enpòtan.

**27%** te fè sa aktyèlman.

*Sous: The Conversation Project National Survey (2013)*

**60%** moun di li enpontan pou asire fanmi yo pa gen chay sou do yo le yo ap fe desizyon ki difisil.

**56%** pat kominike volonte pou fen lavi yo.

*Sous: Survey of Californians by the California HealthCare Foundation (2012)*

**80%** moun di si yo malad grav, yo ta renmen pale ak doktè yo sou volonte yo pou tretman medikal pou fen lavi yo.

**7%** rapòte yo te gen konvèsasyon sa a ak doktè yo.

*Sous: Survey of Californians by the California HealthCare Foundation (2012)*

**82%** moun di li enpòtan pou mete volonte yo alekri.

**23%** te fè sa aktyèlman.

*Sous: Survey of Californians by the California HealthCare Foundation (2012)*

Yon Konvèsasyon ka fè tout diferans la.

# Etap 1 Planifye

Ou pral gen anpil kesyon pandan w planifye pou konvèsasyon an. **Men de nan krsyon ki ka ede ou kòmanse :**

**?** K isa ou bezwen panse oswa fè anvan ou santi ou pare pou gen konvèsasyon an?

**?** Èske ou gen oken enkyetid an patikilye ou vle asire w ou pale sou sa? (Pa egzanp, asire ke finans yo nan lòd; oswa asire w yon manm fanmi an patikilye ap an sekirite.)

## SONJE:

- Ou pa bezwen gen konvèsasyon an kounye a. Ou ka jis kòmanse panse sou sa.
- Ou ka kòmanse ekri yon lèt- bay tèt ou, yon moun ou renmen, oswa yon zanmi.
- Ou ta ka konsidere gen yon konvèsasyon pou fè pratik ak yon zanmi.
- Fè konvèsasyon an ka euele ke ou menm ak moun ou renmen yo pa dakò. Pa gen pwoblem. Li enpòtan tou senpleman pou konnen sa a, epi pou kontinye ap pale de sa kounye a- pa pandan yon kriz medikal.
- Fè konvèsasyon an pa sèlman yon bagay ki pral fèt yon sèl fwa. Se yon premye nan yon seri konvèsasyon k ap fèt sou van.

# Etap 2 Prepare

Kisa ki pi enpòtan pou ou pandan w ap panse de ki jan ou vle viv nan dènye moman lavi ou? Kisa ou bay plis valè? **Panse sou sa a ap ede w pare pou gen konvèsasyon an.**

**?** Fini fraz sa a: **Sa ki pi enpòtan pou mwen nan fen lavi a se ...**  
(Pa egzanp, kapab rekonèt pitit mwen yo, pou mwen nan lopital ak bon jan swen, kapab di moun mwen renmen yo orevwa.)

Pataje deklarasyon ou “sa ki enpòtan pou mwen” ak moun ou renmen yo ta ka yon gwo èd pi devan. Li ka ede yo kominike ak doktè ou ki kapasite ki pi enpòtan pou ou- ki tretman ki vo lapenn pou pouswiv, ak sa ki pa vo lapenn.

## ECHÈL MEZI POU WÈ KI KOTE MWEN YE

Sèvi ak echèl mezi ki anba a pou evalye ki jan ou vle swen nan dènye moman lavi ou. Chwazi chif la ki pi byen reprezante santiman ou sou senaryo yo bay la.

### Kòm yon pasyan, mwen ta renmen konnen...

1                       2                       3                       4                       5

Sèlman enfòmasyon de baz yo sou kondisyon mwen ak tretman mwen

Tout detay sou kondisyon mwen ak tretman mwen

### Amezi doktè ap trete mwen, mwen ta renmen...

1                       2                       3                       4                       5

Doktè mwen yo fè sa yo panse ki pi bon

Pou bay opinyon mwen nan chak desizyon

**Si mwen gen yon maladi ki pa ka trete, mwen ta renmen...**

- 1                       2                       3                       4                       5

Pa konnen kijan l ap pwogrese

Konnen pi bon estimasyon doktè yo sou konbyen tan mwen gen pou viv

**? Gade repons ou yo.**

Ki kalite wòl ou ta renmen jwe nan desizyon k ap pran yo?

**Pandan konbyen tan ou ta renmen resevwa swen medikal?**

- 1                       2                       3                       4                       5

Jis nan bout, kelkès wa jan sa fè mwen pa alèz

Kalite lavi pi enpòtan pou mwen pase kantite

**Ki enkyetid ou genyen sou tretman an?**

- 1                       2                       3                       4                       5

Mwen pè pou mwen pa jwenn ase swen

Mwen pè mwen ka resevwa swen ki twò agresif

**Ki preferans ou sou ki kote ou ta renmen ye?**

- 1                       2                       3                       4                       5

Mwen pa ta gen pwoblem pase denyè jou mwen nan yon lopital

Mwen ta renmen pase denyè jou mwen lakay mwen

**? Gade repons ou yo.**

Kisa ou remake sou kalite swen ou vle jwenn?

**Ki patisipasyon ou ta vle moun ou renmen yo genyen?**

1

2

3

4

5

Mwen vle moun mwen renmen yo fè egzakteman sa mwen te di, menm si li fè yo pa alèz

Mwen vle moun mwen renmen yo fè sa ki pote lapè pou yo, menm si sa ale kont sa mwen te di

**Konsènan vi prive ou...**

1

2

3

4

5

When the time comes, I want to be alone

I want to be surrounded by my loved ones

**Konsènan pataje enfòmasyon...**

1

2

3

4

5

Mwen pa vle moun mwen renmen yo konnen tout bagay sou sante mwen

Mwen konfòtab ak moun ki tou pre m yo konnen tout bagay sou sante mwen

**? Gade repons ou yo.**

Ki wòl ou vle moun ou renmen yo jwe? Èske ou panse moun ou renmen yo konnen sa ou vle, oswa ou panse yo pa gen okenn lide?

**? Kisa out santi se twa bagay ki pi enpontan ke ou vle zanmi ou, fanmi, ak/oswa dokte ou yo konprann sou volonte ou ak preferans ou sou swen nan denya moman lavi a?**

1.

2.

3.

# Etap 3 Ale

Lè w ap pare pou gen konvèsasyon an, reflechi sou bagay de baz yo.

## MAKE TOUT SA KI APLIKE:

### ? Ak KIYES ou vle pale?

- |  |  |
|--|--|
| <input type="checkbox"/> Maman             | <input type="checkbox"/> Lidè Lafwa (Pastè, Minis, Pè, Rabbi, Imam, elatriye.) |
| <input type="checkbox"/> Papa              | <input type="checkbox"/> Zanmi   |
| <input type="checkbox"/> Pitit/Pitit yo    | <input type="checkbox"/> Doktè   |
| <input type="checkbox"/> Patnè/Mari-Madanm | <input type="checkbox"/> Moun k ap   |
| <input type="checkbox"/> Sè /Frè           | <input type="checkbox"/> Lòt: <input type="text"/>                             |

### ? KILÈ ki ta yon bon moman pou w pale?

- |   |  |
|---|--|
| <input type="checkbox"/> Pwochèn jou konje a            | <input type="checkbox"/> Anvan ti bebe a rive                                |
| <input type="checkbox"/> Anvan pitit mwen ale nan kolèj | <input type="checkbox"/> Pwochèn fwa mwen vizite paran mwen/ timoun adilt yo |
| <input type="checkbox"/> Anvan pwochen vwayaj mwen an   | <input type="checkbox"/> Nan pwochen reyinyon fanmi kap vini an              |
| <input type="checkbox"/> Anvan mwen vin malad anko      | <input type="checkbox"/> Lòt: <input type="text"/>                           |

### ? KI KOTE ou ta santi w alèz pou pale?

- |  |  |
|--|--|
| <input type="checkbox"/> Sou tab kwizin nan              | <input type="checkbox"/> Pandan yon ti mache       |
| <input type="checkbox"/> Nan yon restoran mwen pi renmen | <input type="checkbox"/> Pandan mwen nan yon pak   |
| <input type="checkbox"/> Nan machin nan                  | <input type="checkbox"/> Nan legliz mwen           |
|  | <input type="checkbox"/> Lòt: <input type="text"/> |

### ? KISA ou vle asire w ke ou di?

Si ou te ekri twa bagay ki pi enpòtan pou ou nan fen etap 2, ou ka itilize sa yo la a.



## Kijan pou kòmanse

### Men kèk fason ou ta ka elimine tansyon an:

"Mwen bezwen èd ou ak yon bagay."

"Sonje kijan yon moun nan fanmi an te mouri- èske se te yon 'bon' lanmò oswa yon lanmò 'difisil'? Ki jan pa ou pral diferan?"

"Mwen te panse sou sa ki te pase a , epi li te fè m 'realize..."

"Menm si mwen pa gen pwoblem kounye a, mwen enkyete ke , epi mwen vle prepare."

"Mwen bezwen panse sou lavni an. Èske w ka ede m?"

"Mwen jis reponn kèk kesyon sou ki jan mwen ta vle fen lavi mwen ye. Mwen vle ou wè repons mwen yo. Kidonk m ap mande kisa repons ou ta dwe ye"

### Sou kisa nou ka pale:

- Lè ou panse a dènye faz nan lavi ou, kisa ki pi enpòtan pou ou? Ki jan ou ta renmen faz sa a dwe ye ?
- Èske ou gen enkyetid patikilye de sante ou? Sou dènye faz nan lavi ou?
- Kisa ou bezwen mete lòd ladan yo, oswa pale ak moun ou renmen yo ?  
(*Finans pèsònèl, pwopriyete, relasyon*)
- Ki moun ou vle (oswa ou pa vle) patisipe nan swen ou a? Ki moun ou ta renmen le desizyon sou non ou si ou pa kapab? (*Moun sa a se prokirasyon swen sante ou.*)
- Èske ou ta pito patisipe aktivman nan desizyon sou swen sante ou ? Oswa ou ta pito gen doktè ou fè sa yo panse ki pi bon?
- Èske gen nenpòt dezakò oswa tansyon nan fanmi ou ki konsène ou?
- Èske gen reyalizasyon enpòtan ou ta renmen la pou e, si sa ta posib?  
(*Pa egzanp: Nesans pitit pitit ou a, 80th anivèsè nesans ou*)

- Ki kote ou vle (oswa ou pa vle) resevwa swen? (*Lakay, mezon retrèt, lopital*)
- Èske gen kalite tretman ou ta vle (oswa ou pa vle)? (*Reanimasyon si kè ou rete, machin pou respire, tib pou manje*)
- Ki lè li ta bon pou fè yon chanjman soti nan tretamn ki konsantre sou swen pou guéri pou ale konsantre sou swen pou bay konfò sèlman?

*Lis sa a pa kouvri tout bagay ou ka bezwen reflechi sou yo, men se yon bon kote pou kòmanse. Pale ak doktè ou oswa enfimiyè si ou ta renmen yo sijere plis kesyon pou pale sou yo.*

### **SONJE:**

- Pran pasyans. Gen kèk moun ki bezwen yon ti kras plis tan pou panse.
- Ou pa bezwen kontwòle konvèsasyon; jis kite l fèt.
- Pa jije. Yon “bon” lanmò vle di diferan bagay pou diferan moun.
- Ou menm ak moun ou renmen yo ka toujou chanje lide nou amezi sikonstans yo ap chanje.
- Chak tantativ ki pran pou fè konvèsasyon an enpòtan
- Sa a se premye a nan anpil konvèsasyon — ou pa bezwen kpale ak tout moun oswa pale sou tout bagay kounye a.

**Kounye a, jis pale! Chak konvèsasyon pral pèmèt ou menm ak moun ou renmen yo vin pi djanm. W ap prepare pou ede yonn lòt viv epi mouri nan yon fason ke ou chwazi.**

# Etap 4 Kontinye

**Konpliman!** Ou te fè “konvèsasyon an” — èspere, se premye a nan anpil lòt. Ou ka sèvi ak kesyon sa yo pou ekri panse ou sou fason premye pale a te ye, epi reflechi sou sa ou ta renmen pale nan pwochen konvèsasyon yo.

❓ Èske gen yon bagay ou bezwen klarifye ou santi yo pat konprann oswa pat byen entepète?

❓ Ak ki moun ou ta vle pale pwochen fwa a? Èske gen moun ki ta dwe tande bagay yo an menm tan (tankou frè ak sè ki gen tandans pa dakò yonn ak lòt)?

❓ Ki jan konvèsasyon sa te fè w santi? Ki sa ou vle sonje? Kisa ou vle moun ou renmen yo sonje?

❓ Kisa ou vle asire ou mande oswa pale sou pwochen fwa a?

Koulye a, ke ou te gen konvèsasyon an, ou pare pou reflechi sou ranpli **ranpli de dokiman legal enpòtan** pou asire volonte ou yo dekri klèman — epi respekte lè lè a rive.

**☐ Chwazi yon Repezantan (Pwoksi) pou Swen Sante**

Yon pwokirasyon pou pwen sante (ke yo rele tou yon pouwva dirab avoka pou swen sante) se yon dokiman legal kote ou nonmen yon lòt moun (yon prokiralè oswa ajan) pou eksprime volonte ou epi pou pran desizyon swen sante pou ou si ou pa ka pale pou tèt ou. Chwazi yon moun ki konnen volonte ou yo byen —yon moun ou fè konfyans pou pale pou ou si ou pa kapab pale pou tèt ou.

**☐ Ranpli yon Direktiv Davans**

Yon Direktiv Davans, yo rele tou yon Testaman, se yon dokiman legal kote ou endike volonte ou konsènan swen medikal nan dènye moman nan lavi ou —ki gen ladann kalite tretman ou vle epi ou pa vle —nan ka ou pa kapab pran desizyon oswa kominike volonte ou ankò. (Remak: Sa a diferan de Dènye Volonte ak Testaman ou, ki itilize pou distribye byen yo.)

Chak eta gen pwòp fòmilè Direktiv Davans li.

Gade sou sitwèb Medicare pou plis enfòmasyon: [www.medicare.gov/manage-your-health/advance-directives/advance-directives-and-long-term-care.html](http://www.medicare.gov/manage-your-health/advance-directives/advance-directives-and-long-term-care.html)

## Kontakte Nou

---

**VISZITE NOU**

[www.theconversationproject.org](http://www.theconversationproject.org)

**IMEL NOU**

[conversationproject@ihi.org](mailto:conversationproject@ihi.org)

---

**SWIV NOU NAN FACEBOOK AK TWITTER**

 @convoproject

 TheConversationProject